



«San kalite sipò ASAP bay la Mwen t ap pèdi paske lavi nan inivèsite ka Reyèlman difisil e sipò pou lekòl difisil pou jwenn».

ANGEL
Elèv ASAP



«ASAP te ede m vin pi konsantre sou lekòl. Mwen pa enkyete konsènan pèman pou klas oswa liv oswa Pou fason pou m ale lekòl chak jou. ASAP retire yon gwo pwa sou zepòl mwen.»

FRANCESCA
Elèv ASAP



«Mwen pa vle yon moun ki pase kat ane nan yon pwogram de zan. ASAP sove m pou m pa vin yon moun ki bloke».

CLINTON
Diplome ASAP

Konekte ak ASAP:

/cunyasap /cunyasap /cunyasap /cunyasap

WWW.CUNY.EDU/ASAP

ASAP

ACCELERATED STUDY IN ASSOCIATE PROGRAMS

RETE BRANCHE. GRADWE ATAN.



CUNY
The City
University
of
New York

KISA ASAP YE?

Èske w konnen chemen pou w genyen yon diplòm premye sik ka pran tan e kèk fwa ka difisil? Sèlman 40% etidyan inivèsite kominotè yo fini diplòm premye sik yo nan *sis an*. Men li pa oblije konsa. Depi 2007, Etid Akselere nan Pwogram Premye Sik (ASAP) te transfòme eksperyans Inivèsite elèv CUNY yo, nan ede plizyè milye Gradye nan twa zan oswa mwens.*



Prezidan Obama te rekonèt ASAP, Ki fè lwanj siksè li epi site l kòm yon modèl nasyonal. E kounye a li disponib sèlma nan CUNY.

ASAP retire obstak finansyè, akademik ak Pèsonèl pou yo pran yon diplòm. ASAP la pou ede ou peye pou liv lekòl ou yo, pran klas ou bezwen yo Lè w bezwen yo epi ankouraje w kontinye lè bagay yo vin di. Panse a ekip nou an antanke gid ki fyab, ki sipòte w depi moman ou aplike a pou asire ou rete nan bon wout la jiskaske ou pran diplòm ou a **PI BONÈ KE POSIB.**

*Elèv ki antre nan ASAP nan Inivèsite Staten Island ap gen opòtinite Pou genyen yon diplòm premye sik ak yon lisans nan kat an.

SA KI RANN ASAP INIK?

Antanke yon etidyan ASAP, w ap resevwa Divès sipò pou ede w reysi:

- Yon MetroCard san limit
- Yon resi pou liv lekòl
- Yon anilasyon ensifizans frè skolarite*
- Yon konseye ASAP ki dewwe
- Opsyon pou enskripsyon ak konsolidasyon orè
- Klas ak kamarad etidyan ASAP yo
- Devlopman karyè ak sèvis sipò akademik

*Pou etidyan k ap resevwa èd finansye

ÈSKE GEN YON RATRAPAJ?

Pa ditou! An echanj pou TOUT Resous sa yo, w ap bezwen pou w:

- Enskri a tan plen (minimòm 12 kredi) chak Semès epi kenbe bon rezilta akademik
- Tèmine tout bezwen pou kou devlopman nan premye ane a
- Rankontre ak konseye ou a regilyèman epi patisipe nan Tout aktivite ASAP egzijè
- Reaplike pou èd finansye chak ane

KIJAN MWEN KA BENEFISYE DE ASAP?

KONSTWI REZO OU

Moun ki reyisi souvan gen gwo rezo kontak ki bay sipò ak koneksyon pou djòb ak resous. ASAP ankouraje relasyon ak lòt etidyan, fakilte ak pèsonèl CUNY yo pou ede w konstwi Koneksyon enpòtan sa yo kounye a.



FÈ EKONOMI LAJAN

ASAP redwi depans pou inivèsite a prèske zewo pou Pifò etidyan lè l kouvri tout ensifisans èd finansye (pou moun etidyan k ap resewva èd finansye), liv ak transpò.




VIN YON PI BON MOUN

ASAP ede w devlope Kapasite ak atitid ki mennen nan siksè pa sèlman nan inivèsite, men nan lavi. Konsantrasyon. Detèminasyon. Konfidans. Rezistans. Sèlman kèk nan kalite yo etidyan te devlope nan ASAP.

KONSANTRASYON
DETÈMINASYON
KONFIDANS
REZISTANS

ALE PI LWEN PI VIT

Etidyan ASAP yo gradye epi yo transfere nan pwogram diplòm lisans oubyen yo antre nan fòs travay la a yon tarif ki de fwa pa lòt etidyan ki menm jan yo. Toutotan ou pran diplòm ou an pi bonè, se toutotan ou Ka kòmanse karyè ou pi bonè epi gade benefis ou yo k ap ogmante.



ÈSKE M KALIFYE POU ASAP?

Ou ka kalifye pou ASAP si w reponn WI pou tout kesyon sa yo:

- Èske w se yon rezidan Vil New York e/oswa èske w kalifye Pou frè skolarite eta yo?
- Èske w dakò pou w antre nan yon pwogram diplòm premye sik a plen tan (minimòm 12 kredi pa semès) nan yon espesyalizasyon ASAP apwouve? Pifò espesyalizasyon yo kalifye!
- Èske w konplètman genyen konpetans oswa èske ou gen pa plis pase de bezwen pou kou devlopman nan lekti, redaksyon ak matematik ki baze sou Rezilta Tès Evalyasyon CUNY yo?*
- Si w se yon etidyan k ap kontinye oswa ki transfere, èske w genyen plis pase 15 kredi inivèsite ak yon minimòm 2.0 GPA?

VISIT WWW.CUNY.EDU/ASAP/CHECKLIST POU W VERIFYE ELIJIBLITE OU.

*Etidyan ki gen de bezwen pou kou devlopman nan moman aplikasyon an Dwe enskri nan omwen youn nan kou obligatwa yo nan sezon ete oswa ivè anvan kòmansman pwogram nan. Ale sou sit entènèt inivèsite ASAP ou a pou w aprann plis sou tout egzijans espesifik inivèsite yo.



KIJAN POU M VIN YON ETIDYAN ASAP?

Si w panse ou reponn a kondisyon pou elijiblite ASAP yo, swiv etap fasil sa yo pou w kòmanse:

- 1 Aplike nan yon inivèsite ki genyen ASAP nan www.cuny.edu/admissions.
- 2 Ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Pou Etidyan an nan www.fafsa.gov ak aplikasyon pou Pwogram Asistans pou Frè Eskolarite Eta New York la nan www.hesc.ny.gov.
- 3 Aksepte òf admisyon ou an.
- 4 Tèmene tout obligasyon pou admisyon, ki enkli Tès Evalyasyon CUNY yo, si li nesèsè. Pou plis enfòmasyon sou egzamen yo, ale sou www.cuny.edu/academics/testing.html.
- 5 Verifye sit entènèt ASAP inivèsite w la pou enfòmasyon ki ajou sou tout egzijans ki Patikilye pou inivèsite a.

KI KOTE YO OFRI ASAP?

BOROUGH OF MANHATTAN COMMUNITY COLLEGE

www.bmcc.cuny.edu/asap
212.346.8660

BRONX COMMUNITY COLLEGE

www.bcc.cuny.edu/asap
718.289.5166

COLLEGE OF STATEN ISLAND

www.csi.cuny.edu/asap
718.982.2396

HOSTOS COMMUNITY COLLEGE

www.hostos.cuny.edu/asap
718.664.2646

KINGSBOROUGH COMMUNITY COLLEGE

www.kbcc.cuny.edu/asap
718.368.5616

LAGUARDIA COMMUNITY COLLEGE

www.lagcc.cuny.edu/asap
718.482.5921

MEDGAR EVERS COLLEGE

www.mec.cuny.edu/asap
718.804.8209

NEW YORK CITY COLLEGE OF TECHNOLOGY

www.citytech.cuny.edu/asap
718.254.8624

QUEENSBOROUGH COMMUNITY COLLEGE

www.qcc.cuny.edu/asap
718.631.6680

Pou w aprann plis sou ASAP, ale sou:

WWW.CUNY.EDU/ASAP